



# Aksè Sivivan a Otonomi Finansyè (Survivors Access Financial Empowerment, SAFE)

## Apèsi sou SAFE

- ▶ Enkyetid finansyè se yon obstak pou sekirite viktim ak sivivan vyolans domestik.
- ▶ Finansman fleksib la mache paske se:
  - Sivivan ki ap mennen li—chak sivivan gen bezwen ki inik. Fason sivivan yo sèvi avèk finansman sa a pa ta dwe kategorize oswa baze sou merit.
  - Retire Obstak—egzijans ki ba sa vle di yo kapab bay finansman sa a byen rapid pou reponn a kriz imedya yo.

## SAFE Kapab Yon Faktè Transfòmasyon pou Sivivan

Yon etid resan<sup>1</sup> sou itilizasyon finansman fleksib la te anrejistre rezilta sa yo:

- ▶ 68% moun ki resevwa finansman fleksib yo te rete nan yon lojman ki estab (sa vle di te rete lakay pa yo oswa te demenaje soti nan yon kay ale nan yon lòt).
- ▶ 67% te rapòte yon ogmantasyon nan byennèt ak kapasite pou soti nan estad sivi pou rive nan estad pwosperite.
- ▶ 26% soti nan sanzabri pou rive nan lojman tanporè oswa pèmanan.

## Ki Itilizasyon Finansman Sa a Otorize?

Egzanp annapre yo se fason yo ka sèvi avèk finansman sa a. Distribisyon fon sa yo pa limite a sigjesyon sa yo.

- ▶ Bezwen Timoun
- ▶ Preparasyon pou lojman
- ▶ Èd pou Sèvis Piblik
- ▶ Kominikasyon
- ▶ Èd jiridik
- ▶ Èd pou transpò
- ▶ Edikasyon, fòmasyon, travay
- ▶ Èd pou ipotèk
- ▶ Bezwen nan zafè sante fizik/mantal
- ▶ Manje ak Pwodwi pou Kay
- ▶ Èd pou Lokasyon
- ▶ Pwodwi ak sipò pou bèt domestik
- ▶ Pwodwi pèsònèl
- ▶ Otèl/Motèl
- ▶ Lòt itilizasyon

## Kijan Sivivan yo Gen Aksè a Finansman an?

Se [Biwo Eta Nouyòk pou Prevansyon kont Vyolans Domestik \(Office for the Prevention of Domestic Violence\)](#) la ki founi sibvansyon an bay pwogram ki ap bay sivivan ak viktim vyolans domestik yo sèvis dirèkteman.

65 founisè sèvis non rezidansyèl nan kad vyolans domestik Biwo Eta Nouyòk pou Sèvis Timoun ak Fanmi (Office for Children and Family Services, OCFS) rekonèt te aksepte sibvansyon yo epi yo pral distribye finansman sa a bay viktim ak sivivan vyolans domestik. Tanpri gade lis konplè pwogram yo sou [sit entènèt](#) nou an.

1 Oyesola Oluwafunmilayo Ayeni, PhD. ak Clarice Hampton, M.A. (2023). Evaluation of a Flexible Funding Pilot Program to Prevent Homelessness among BIPOC and LGBTQ+ Survivors. Sant Resous Nasyonal sou Vyolans Domestik (National Resource Center on Domestic Violence, NRCDV).

